

**QARAQALPAQSTAN RESPUBLIKASÍ STATISTIKA BASQARMASÍ**



# Qaraqalpaqstan Respublikasınıń sanaat islep shıǵarıwı

***2022- jıl yanvar-may** (dáslepki maǵlıwmat)*



**Sanaat statistikası bólimi**
**Tel.: 61-222-75-87**

# Qaraqalpaqstan Respublikasınıń sanaat islep shıǵarıwı

*(2022- jıl yanvar-may aylarında)*

Dáslepki maǵlıwmatlar boyınsha 2022- jıldıń yanvar-may aylarında respublika kárxanaları tárepinen 7083,2 mlrd. sumlıq sanaat ónimleri islep shıǵarılǵan bolıp, 2021- jıldıń yanvar-may aylarına salıstırǵanda sanaat islep shıǵarıw fizikalıq kólemi indeksi* 100,3 % ti quradı.

Sanaat islep shıǵarıw quramında eń úlken úles islep shıǵaratuǵın (qayta isleytuǵın) sanaatqa tuwrı kelip, onıń jámi sanaat islep shıǵarıwdaǵı úlesi (85,8 %) ti quradı.

| B | C | D | E |
|---|---|---|---|
| 0,4 % | 85,8 % | 13,2 % | 0,6 % |
| *Taw-kán sanaatı hám ashıq kánlerdi islew* | *Islep shıǵaratuǵın sanaat* | *Elektr, gaz, puw menen támiyinlew hám hawanı kondiciyalaw* | *Suw menen támiyinlew, kanalizaciya sisteması, shıǵındılardı jıynaw hám utilizaciya qılıw.* |

## Tiykarǵı ekonomikalıq xızmet túrleri boyınsha sanaat islep shıǵarıw, FKI* *% te*

| | 2021- jıl | 2022- jıl |
|---|---|---|
| B | 9,8 % | 57,4 % |
| C | 113,2 % | 100,8 % |
| D | 136,0 % | 101,2 % |
| E | 78,0 % | 109,4 % |

* **Sanaat islep shıǵarıw fizikalıq kólemi indeksi** *islep shıǵarılǵan ónimler (isler, xızmetler) kóleminiń sáykes dáwirdegi ózgeriwin anıqlawshı salıstırma kórsetkish.*

Jámi sanaat islep shıǵarıw fizikalıq kóleminiń ósiwine tiykar bolıp, islep shıǵaratuǵın (qayta isleytuǵın) sanaattıń – 0,8 % ke, elektr, gaz, puw menen támiyinlew hám hawanı kondiciyalaw – 1,2 % ke hámde suw menen támiyinlew, kanalizaciya sisteması, shıǵındılardı jıynaw hám utilizaciya qılıw – 9,4 % ke ósiwine xızmet etti.

## Taw-kán sanaatı hám ashıq kánlerdi islew

B

| Jıl | mlrd. sum | % |
|---|---|---|
| 2022- jıl | 30,1 mlrd. sum | 57,4 % |
| 2021- jıl | 26,0 mlrd. sum | 9,8 % |
| 2020- jıl | 50,6 mlrd. sum | 88,5 % |

Taw-kán sanaatı hám ashıq kánlerdi islew kárxanaları tárepinen 2022-jıldıń yanvar-may aylarında islep shıǵarılǵan ónimler kólemi 30,1 mlrd. sumdı yamasa jámi islep shıǵarılǵan ónimler kóleminiń 0,4 % tin quradı.

**Jámi sanaat islep shıǵarıw kólemindegi úlesi, % te**

| 2021- jıl | 2022- jıl |
|---|---|
| B | B |
| 0,4 % | 0,4 % |

## Taw-kán sanaatı hám ashıq kánlerdi islewde iri sanaat kárxanaları tárepinen ayırım túrdegi sanaat ónimlerin islep shıǵarıw

Ótken jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda, *% te*




| Sanaat ónimleri | 2021- jıl yanvar-may | 2022- jıl yanvar-may | Ayırması, +/- |
|---|---|---|---|
| Hák tas, mıń t. | 75,0 | 108,4 | 33,4 |







| Sanaat ónimleri | 2021- jıl yanvar-may | 2022- jıl yanvar-may | Ayırması, +/- |
|---|---|---|---|
| Tabiyiy gaz, mln. kub.m. | 865,3 | 604,4 | -260,9 |
| Gaz kondensatı, mıń t. | 42,2 | 33,2 | -9,0 |

## Islep shıǵaratuǵın sanaat




2022- jıldıń yanvar-may aylarında islep shıǵaratuǵın sanaat kárxanaları tárepinen islep shıǵarılǵan ónimler kólemi 6078,3 mlrd. sumdı yamasa jámi sanaat ónimleriniń 85,8 % tin quradı.




Ótken jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda islep shıǵarılǵan sanaat quramında joqarı texnologiyalı tarmaqtıń úlesi 0,2 % ti (2021- jıl yanvar-may 1,1 %), orta-joqarı texnologiyalı – 63,8 % (69,1 %), orta-pás texnologiyalı 3,4 % (2,8 %) hám pás texnologiyalısı – 32,6 % (27,0 %) ti quradı.



*Jámi islep shıǵaratuǵın sanaat quramında ximiyalıq ónimlerdi, rezina hám plastmassa buyımların islep shıǵarıwdıń úlesi – 63,9 % (2021- jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda fizikalıq kólemi indeksi 95,4 %), azıq-awqat hám ishimlik ónimlerin islep shıǵarıwdıń úlesi – 13,8 % (2021- jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda fizikalıq kólemi indeksi 109,8 %), toqımashılıq, kiyim, teri ónimlerin islep shıǵarıwdıń úlesi – 17,6 % (2021- jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda fizikalıq kólemi indeksi 109,5 %), basqa metall emes mineral ónimlerin islep shıǵarıwdıń úlesi – 2,6 % (2021- jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda fizikalıq kólemi indeksi 133,2 %) quradı.*

**Islep shıǵaratuǵın sanaatta ayırım túrdegi ónimlerdiń ósim páti**
***Ótken jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda,** % te*


















2022- jıldıń yanvar-may aylarında islep shıǵaratuǵın sanaatta 18,2 mıń tonna paxta talası (2021- jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda 38,1 % ke ósken), 27,1 mıń tonna paxta shigiti (25,9 %), 1,4 mıń tonna tazalanǵan gúrish (20,0 %) 118,6 mıń tonna portlandcement (16,8 %), 7,1 mıń tonna paxtadan iyirilgen jip (0,1 %) islep shıǵarılıp, joqarı ósim páti gúzetildi. Sonıń menen birge 53,8 mıń tonna jumsaq biyday hám spelta unı (1,3 %), 1516,1 mıń litr araq (6,2 %) hám 1,9 mıń tonna tazalanǵan ósimlik mayı (49,3 %) islep shıǵarılıp, 2021- jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda ósim páti páseygenligi gúzetildi.

## Islep shıǵaratuǵın sanaatta iri sanaat kárxanaları tárepinen ayırım túrdegi ónimlerdi islep shıǵarıw

| Sanaat ónimleri | 2021- jıl yanvar-may | 2022- jıl yanvar-may | Ayırması +/- |
|---|---|---|---|
| | | | |
| **Araq,** ***mıń litr 100 % li spirt*** | 1616,4 | 1516,1 | -100,3 |
| **Polietilen,** ***mıń t.*** | 148,7 | 126,3 | -22,4 |
| **Polipropilen,** ***mıń t.*** | 40,6 | 36,0 | -4,6 |
| **Jumsaq biyday hám spelta unı,** ***mıń t.*** | 54,5 | 53,8 | -0,7 |
| **Paxta talası,** ***mıń t.*** | 13,2 | 18,2 | 5,0 |
| **Ósimlik mayı (tazalanǵan),** ***mıń t.*** | 3,7 | 1,9 | -1,8 |

## Ximiyalıq ónimlerdi islep shıǵarıw

*2021- jıldıń yanvar-may ayları juwmaǵına bola ximiyalıq ónimlerdi islep shıǵarıw sanaatınıń islep shıǵaratuǵın sanaattaǵı úlesi 67,8 % ti quraǵan, fizikalıq kólem indeksi bolsa 118,6 % ti quraǵan.*

*Sonday-aq, 2022- jıldıń yanvar-may aylarında islep shıǵaratuǵın sanaattaǵı úlesi 63,8 % ti, fizikalıq kólem indeksi 95,8 % ti quradı, islep shıǵarıw kólemi bolsa 3877,3 mlrd. sumdı quradı.*




## Basqa metal emes mineral ónimlerin islep shıǵarıw




*Islep shıǵaratuǵın sanaat quramında 2021- jıl yanvar-may aylarında basqa metall emes mineral ónimlerin islep shıǵarıwdıń úlesi 2,1 % ti, onıń fizikalıq kólem indeksi 85,5 % ke quraǵan bolsa, 2022- jıldıń yanvar-may ayları juwmaǵına bola, basqa metall emes mineral ónimlerin islep shıǵarıwdıń islep shıǵaratuǵın sanaattaǵı úlesi 2,6 % ti quradı, ótken jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda fizikalıq kólem indeksi 33,2 % ke ósti hám islep shıǵarıw kólemi 158,8 mlrd. sumdı quradı.*

## Azıq-awqat ónimlerin islep shıǵarıw sanaatı

*Islep shıǵaratuǵın sanaat quramında 2021- jıl yanvar-may aylarında azıq-awqat ónimlerin islep shıǵarıwdıń úlesi 12,4 % ti, onıń fizikalıq kólem indeksi 91,3 % ti quraǵan bolsa, 2022- jıldıń yanvar-may ayları juwmaǵına kóre, azıq-awqat ónimlerin islep shıǵarıwdıń úlesi 12,4 % ti quradı, ótken jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda fizikalıq kólem indeksi 10,2 % ke ósti hám islep shıǵarıw kólemi 754,8 mlrd. sumdı quradı.*



## Ishimlik ónimlerin islep shıǵarıw sanaatı

*Islep shıǵaratuǵın sanaat quramında 2021- jıldıń yanvar-may aylarında ishimlik ónimlerin islep shıǵarıwdıń úlesi 1,1 % ti, onıń fizikalıq kólem indeksi 127,4 % ti quraǵan bolsa, 2022- jıldıń yanvar-may ayları juwmaǵına bola, ishimlik ónimlerin islep shıǵarıwdıń úlesi 1,4 % ti quradı, ótken jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda fizikalıq kólem indeksi 104,7 % ti hám islep shıǵarıw kólemi 83,1 mlrd. sumdı quradı.*




## Toqımashılıq ónimlerin islep shıǵarıw sanaatı




*Islep shıǵaratuǵın sanaat quramında 2021- jıldıń yanvar-may aylarında toqımashılıq ónimlerin islep shıǵarıwdıń úlesi 12,0 % ti quraǵan bolsa, onıń fizikalıq kólem indeksi 110,4 % ti quraǵan.*

*Sonday-aq, 2022- jıldıń yanvar-may aylarında toqımashılıq ónimlerin islep shıǵarıwdıń úlesi 16,6 % ti quraǵan bolsa, fizikalıq kólem indeksi 3,8 % ke ósken bolsa, islep shıǵarıw kólemi 1007,7 mlrd. sumdı quradı.*

## Kiyim islep shıǵarıw sanaatı

*2021- jıldıń yanvar-may ayları juwmaǵına bola, kiyim islep shıǵarıw sanaatınıń islep shıǵaratuǵın sanaat quramındaǵı úlesi 0,6 % ti, fizikalıq kólem indeksi 132,7 % ti quraǵan bolsa, 2022- jıldıń yanvar-may aylarında islep shıǵaratuǵın sanaattaǵı úlesi 1,0 % ti, fizikalıq kólem indeksi 160,3 % ti, islep shıǵarıw kólemi 60,2 mlrd. sumdı quradı.*



## Elektr, gaz, puw menen támiyinlew hám hawanı kondiciyalaw

Elektr, gaz, puw menen támiyinlew hám hawanı konditciyalaw kárxanaları tárepinen islep shıǵarılǵan ónimler kólemi 935,2 mlrd. sumdı (jámi islep shıǵarılǵan ónimler kóleminiń 13,2 % tin) quradı.

2022- jıldıń yanvar-may aylarında, sanaattıń usı tarmaǵında elektr energiyanı islep shıǵarıw, uzatıw hám bólistiriw, puw menen támiyinlew sistemaları hám hawanı kondiciyalaw ótken jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda fizikalıq kólem indeksi 1,2 % ke óskenligi gúzetildi.




## Elektr, gaz, puw menen támiyinlew hám hawanı kondiciyalaw tarawında iri sanaat kárxanaları tárepinen sanaat ónimlerin islep shıǵarıw

| Sanaat ónimleri | 2021- jıl yanvar-may | 2022- jıl yanvar-may | Ayırması +/- |
|---|---|---|---|
| **Elektroenergiya,** *mln.kVt.s* | 2056,1 | 2369,9 | 313,8 |
| **Issılıq energiyası,** *mıń gkal* | 158,5 | 150,2 | -8,3 |
| **Gaz sıyaqlı janılǵını trubalar arqalı bólistiriw boyınsha xızmetler,** *mlrd. sum* | 53726,7 | 58085,0 | 4358,3 |

## Suw menen támiyinlew, kanalizaciya sisteması, shıǵındılardı jıynaw hám utilizaciya qılıw

Suw menen támiyinlew, kanalizaciya sisteması, shıǵındılardı jıynaw hám utilizaciya qılıw kárxanaları tárepinen islep shıǵarılǵan ónimler kólemi 39,6 mlrd. sumdı (jámi islep shıǵarılǵan ónimler kóleminiń 0,6 % tin) quradı.




### Suw menen támiyinlew, kanalizaciya sisteması, shıǵındılardı jıynaw hám utilizaciya qılıw tarawında iri sanaat kárxanaları tárepinen sanaat ónimlerin islep shıǵarıw

| Sanaat ónimleri | 2021- jıl yanvar-may | 2022- jıl yanvar-may | Ayırması +/- |
|---|---|---|---|
| **Aǵın suwlardı joq etiw, transportirovka qılıw hám islew beriw boyınsha xızmetler,** ***mln. sum*** | 2713,1 | 3436,8 | 126,7 |
| **Qawipsiz shıǵındılardı jıynaw boyınsha xızmetler,** ***mln. sum*** | 6562,7 | 7748,5 | 118,1 |
| **Suwǵa islew beriw hám suw trubaları arqalı bólistiriw boyınsha xızmetler,** ***mln. sum*** | 22490,7 | 24878,3 | 110,6 |

Ótken jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda suwǵa islew beriw hám trubalar arqalı bólistiriw boyınsha xızmetler–10,6 % ke, aǵın suwlardı joq etiw, transportirovka qılıw hám islew beriw boyınsha xızmetler– 26,7 % ke, qáwipsiz shıǵındılardı jıynaw boyınsha xızmetler–18,1 % ke óskenligi gúzetildi.

## Tutınıw ónimlerin islep shıǵarıw

*Tayar ónimler túrlerin keńeytiriw hám islep shıǵarıwdı qollap-quwatlaw boyınsha ámelge asırılıp atırǵan is-rejeler nátiyjesinde, tutınıw ónimlerin islep shıǵarıw kólemi 1026,5 mlrd. sumdı quradı hám 2021-jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda 104,9 % ti, onıń jámi sanaattaǵı úlesi 14,5 % ti quradı.*

### Azıq-awqat ónimleri

| | |
|---|---|
| 2021- jıl yanvar-may | 65,2 % |
| 2022- jıl yanvar-may | 64,4 % |

### Aziq-awqat emes ónimler

| | |
|---|---|
| 2021- jıl yanvar-may | 34,8 % |
| 2022- jıl yanvar-may | 35,6 % |

*Azıq-awqat ónimlerin islep shıǵarıw quramında vino hám araq ónimleri hám pivo 8,0 % (2021- jıl yanvar-may aylar ında 6,8 %) ti quradı.*

*Qala hám rayonlar kesiminde tutınıw ónimlerin islep shıǵarıwdıń respublika jámi kólemindegi eń joqarı úles Nókis qalasına tuwrı kelip, 16,9 % ti, sonday-aq, Taqıyatas rayonı 14,5 % ti, Ellikqala rayonı 9,6 % ti, Xojeli rayonı 8,2 % ti, Beruniy rayonı 7,6 % ti, Tórtkúl rayonı 7,5 % ti, Shımbay rayonı 6,8 % ti hám quradı.*

*Sonday-aq, tutınıw ónimlerin islep shıǵarılıwınıń ósim páti respublika ósim páti (104,9 %) darejesinen joqarı kórsetkish Qaraózek (177,2 %), Shomanay (162,1 %), Ellikqala (145,1 %), Shımbay (127,4 %), Nókis (126,4 %), Beruniy (116,6 %), Moynaq (113,4 %), Kegeyli (113,0 %) hámde Ámiwdárya (110,7 %) rayonlarında quradı.*

## Qala hám rayonlar boyınsha tutınıw ónimlerin islep shıǵarıw kólemi, quramı hám ósim páti

*Qala hám rayonlar kesiminde tutınıw ónimlerin islep shıǵarıwdıń respublika jámi kólemindegi eń joqarı úles Nókis qalasına tuwrı kelip, 16,9 % ti, sonday-aq, Taqıyatas rayonı 14,5 % ti, Ellikqala rayonı 9,6 % ti, Xojeli rayonı 8,2 % ti, Beruniy rayonı 7,6 % ti, Tórtkúl 7,5 % ti hám Shımbay rayonı 6,8 % ti quradı.*




*904,1 mlrd. sum*
*2020- jıl*

*949,0 mlrd. sum*
*2021- jıl*

*1026,3 mlrd. sum*
*2022- jıl*




Jámi sanaat islep shıǵariw kóleminde tutınıw ónimleriniń úlesi

**2020- jıl** 105,3 %

**2021- jıl** 101,8 %

**2022- jıl** 104,9 %

## Qala hám rayonlar boyınsha azıq-awqat emes ónimlerdi islep shıǵarıw kólemi, quramı hám ósim páti

Qala hám rayonlar kesiminde azıq-awqat emes ónimlerin islep shıǵariwdıń respublikadaǵı jámi kólemindegi eń joqarı úles Ellikqala rayonına 17,8 % ti tuwrı kelip, sonday aq, Xojeli rayonı 12,8 % ti, Nókis qalası 11,0 % ti, Shomanay rayonı 10,2 % ti, Beryniy rayonı 7,6 % ti hám Tórtkúl rayonı 7,4 % ti quradı.

*284,0* *mlrd. sum*
*2020- jıl*

*329,8* *mlrd. sum*
*2021- jıl*

*365,9* *mlrd. sum*
*2022- jıl*




Jámi tutınıw ónimlerin islep shıǵariw kóleminde azıq-awqat emes ónimleriniń úlesi

01 2020- jıl 91,9 %

02 2021- jıl 102,2 %

03 2022- jıl 109,7 %



## Qala hám rayonlar boyınsha azıq-awqat ónimlerdi islep shıǵarıw kólemi, quramı hám ósim páti

Qala hám rayonlar kesiminde azıq-awqat ónimlerin islep shıǵarılıwınıń respublika jámi kólemindegi eń joqarı úlesi Taqıyatas rayonına tuwrı kelip 20,3 % ti, sonday-aq, Nókis qalası 20,1 % ti, Beruniy rayonı 7,6 % ti, Tórtkúl rayonı 7,5 % ti, Shımbay rayonı 6,8 % ti, 5,7 % ti Qońırat hámde Xojeli rayonları quradı.




*620,1 mlrd. sum*
*2020- jıl*

*619,2 mlrd. sum*
*2021- jıl*

*660,6 mlrd. sum*
*2022- jıl*




Jámi tutınıw ónimlerin islep shıǵariw kóleminde azıq-awqat ónimleriniń úlesi

01 2020- jıl 112,8 %

02 2021- jıl 101,6 %

03 2022- jıl 102,4 %

## Qaraqalpaqstan Respublikası qala hám rayonlar kesiminde sanaat islep shıǵarıw kólemleri

Respublikadaǵı sanaat islep shıǵarılıw quramında eń kóp úles Nókis qalası (Respublika sanaat islep shıǵarılıw kóleminiń 55,9 % ti), Taqıyatas (13,4 %), Qońırat (4,4 %), Tórtkúl (4,1 %), Beruniy (3,5 %), hám Ámiwdárya (3,3 %), rayonlarına tuwrı kelmekte.

### Qaraqalpaqstan Respublikası

**2020- jıl** — 5462,3 mlrd. sum

**2021- jıl** — 6814,5 mlrd. sum

**2022- jıl** — 7083,2 mlrd. sum



**2020- jıl** — 103,5 %

**2021- jıl I** — 108,1 %

**2022- jıl** — 100,3 %



## Xalıq jan basına tuwrı keletuǵın sanaat ónimlerin islep shıǵarıw

Xalıq jan basına sanaat ónimleri islep shıǵarıwdıń bóliniwi, iri sanaat kárxanaları jaylasıw esabınan Nókis qalasında (12010,6 mıń sum), Taqıyatas (12535,8 mıń sum) rayonında ortasha Qaraqalpaqstan Respublikası dárejesi kórsetkishinen (3628,5 mıń sum) ádewir joqarılaǵanın kórsetpekte.




### Qaraqalpaqstan Respublikası

2020- jıl
2873,2 mıń sum

2021- jıl
3538,9 mıń sum

2022- jıl
3628,5 mıń sum



01 2020- jıl 102,1%

02 2021- jıl 106,6 %

03 2022- jıl 99,0 %

## Xalıq jan basına tuwrı keletuǵın tutınıw ónimlerin islep shıǵarıw

Qaraqalpaqstan Respublikası boyınsha xalıq jan basına tutınıw ónimleri islep shıǵarıwı 525,8 mıń sum bolǵanda Taqıyatas rayonında 1960,8 mıń sumdı, Taxtako'pir rayonında 1046,8mıń sumdı, Shomanay rayonında 797,9 mıń sumdı hám Xojeli rayonında 672,4 mıń sumdı quradı.

### Qaraqalpaqstan Respublikası

**2020- jıl** — 475,6 mıń sum

**2021- jıl** — 492,8 mıń sum

**2022- jıl** — 525,8 mıń sum



**2020- jıl** — 103,8 %

**2021- jıl** — 100,4 %

**2022- jıl** — 103,5 %

| | ósim páti | mıń. sum |
|---|---|---|
| Ámiwdárya | 108,7 | 284,5 |
| Beruniy | 114,9 | 395,5 |
| Bozataw | 90,9 | 243,8 |
| Qaraózek | 175,8 | 476,7 |
| Kegeyli | 112,2 | 246,2 |
| Qońırat | 99,1 | 417,4 |
| Qanlikól | 88,7 | 223,9 |
| Moynaq | 111,2 | 440,3 |
| Nókis r. | 124,4 | 380,0 |
| Taqıyatas | 107,8 | 1960,8 |
| Taxtakópir | 93,3 | 1046,8 |
| Tórtkúl | 94,8 | 346,8 |
| Xojeli | 104,6 | 672,4 |
| Shımbay | 126,6 | 610,9 |
| Shomanay | 160,7 | 797,9 |
| Ellikqala | 142,8 | 600,1 |
| Nókis qalası | 72,9 | 524,3 |

## Respublikada hárekettegi hám jańadan ashılǵan sanaat kárxanaları

Búgingi kúnde respublikada 3253 sanaat kárxanaları hárekette bolıp, sonnan 1574 (hárekettegi kárxanalar ulıwma sanınıń 48,3 %) Nókis qalasına 664 (20,4 %), Tórtkúl rayonına 317 (9,7 %), Ámiwdárya rayonına 303 (9,3 %), Beruniy rayonına 290 (8,9 %) tuwrı kelmekte.




### Jańadan ashılǵan kárxanalar

2020- jıl — 260 dana

2021- jıl — 377 dana

2022- jıl — 316 dana



### Hárekettegi kárxanalar

2020- jıl — 2427 dana

2021- jıl — 3073 dana

2022- jıl — 3253 dana